# ANA TILI SABAǴINDA TIL KOMPETENCIYASI TÚSINIGI HÁM ONI BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINDA QÁLIPLESTIRIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ SHÁRTLERI.

**Turganbekova Gulsiyma Ziyuarbek qızı**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika instituti 2-kurs magistrantı*

**Annotaciya**: *Bul maqalada baslawısh klass ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń lingvistikalıq kompetenciyasın qáliplestiriw máselesi kórip shıǵıladı. "Til kompetenciyası" túsiniginiń mánisi, onıń quramlıq bólimleri hám baslawısh bilimlendiriw sistemasındaǵı ornı anıqlanadı.*

**Tayanısh sózler**: *ana tili, til kompetenciyası, baslawısh klass, pedagogikalıq shártler, funkcional sawatlılıq, sóylew kónlikpesi, metodika.*

Házirgi bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri oqıwshılardıń lingvistikalıq kompetenciyasın qáliplestiriw bolıp tabıladı. Bul túsinik oqıwshılardıń tek ǵana til bilimi menen sheklenip qalmastan, olardıń qatnasıq mádeniyatı, sóylew kónlikpeleri hám pikirlew qábileti menen tikkeley baylanıslı. Til kompetenciyası - balanıń shaxs bolıp qáliplesiwinde, jámiyet penen múnásibette bolıwında, óz pikirin erkin jetkeriwinde sheshiwshi rol oynaydı.

Ózbekstan Respublikasınıń bilimlendiriw standartında baslawısh klass oqıwshılarınıń funkcionallıq sawatlılıǵın rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılǵan. Funkcional sawatlılıqtıń tiykarı - lingvistik kompetenciya. Sonıń ushın ana tili sabaǵı - oqıwshılardıń tilin rawajlandırıw, baylanıstırıp sóylew kónlikpelerin qáliplestiriw hám oqıw-biliw qábiletin jetilistiriwde tiykarǵı pán bolıp esaplanadı.

1. Til kompetenciyası túsiniginiń teoriyalıq tiykarları.

Til kompetenciyası - bul til bilimi, sóylew kónlikpeleri hám qatnasıq tájiriybesiniń birligi. Ilimpazlardıń pikirinshe (Vigotskiy, Leontyev, Qulmaǵanbetova, Abdikarimova), til kompetenciyası tek ǵana grammatikalıq bilimlerdi ózlestiriwdi emes, al olardı sóylew háreketinde orınlı qollanıwdı da óz ishine aladı.

Til kompetenciyası strukturasına:

leksikalıq kompetenciya (sóz baylıǵın iyelew, jańa sózlerden paydalanıw);

grammatikalıq kompetenciya (sózlerdiń jeke ózgerislerin, gáp dúziw nızamlıqların biliw);

fonetikalıq kompetenciya (seslerdi durıs aytıw, orfoepik normalardı saqlaw);

kommunikativ kompetenciya (qarım-qatnasta til birliklerin durıs qollanıw, dialog hám monologtı ózlestiriw).

Bul komponentlerdiń barlıǵı baslawısh mektep jasındaǵı balalardıń tilin rawajlandırıwda bir pútin sistema sıpatında qaraladı.

2. Baslawısh klass oqıwshılarınıń til kompetenciyasın qáliplestiriw ózgeshelikleri.

Baslawısh mektep - oqıwshılardıń til qábileti qáliplesetuǵın, sóylew kónlikpeleri turaqlasatuǵın dáwir. Bul dáwirde:

oqıwshınıń sózlik fondı tez keńeyedi;

baylanıstırıp sóylew kónlikpesi rawajlanadı;

tekst dúziw, bayanlaw, gúrrińlew kónlikpeleri jetilistiriledi;

pikirdi jazba tárizde jetkeriw qábileti qáliplese baslaydı.

Ana tili páninde alıp barılatuǵın oqıw is-háreketleri (tekst oqıw, sorawlarǵa juwap beriw, talqılaw, gúrriń dúziw, shıǵarma jazıw) usı kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan.

3. Til kompetenciyasın qáliplestiriwdiń pedagogikalıq shártleri.

Baslawısh klass ana tili sabaǵında oqıwshılardıń til kompetenciyasın qáliplestiriw ushın tómendegi pedagogikalıq sharayatlardı támiyinlew zárúr:

Mazmunlı shártler

- Oqıw baǵdarlamasınıń tildi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵanlıǵı.
- Ádebiy tekstlerdi tańlap alıwda olardıń tárbiyalıq, biliw áhmiyetin esapqa alıw.
- Tekstlerdegi til birliklerin tallaw arqalı oqıwshınıń sózlik qorın bayıtıw.

Metodikalıq shártler

- Sın kózqarastan pikirlewge úyretiw strategiyalarınan paydalanıw (INSERT, Venn diagramması, klaster dúziw hám basqalar).
- Oyın texnologiyalarınan paydalanıw (sóz jarısı, rebus, logikalıq tapsırmalar)
- Joybarlaw jumısı, topar tapsırmaları arqalı birgelikte oqıtıw.
- Dóretiwshilik usıllar (gúrriń dúziw, ertekti dawam ettiriw, qosıq jazıw).

Psixologiyalıq-pedagogikalıq shártler

- Oqıwshınıń belsendiligin arttırıw ushın qolaylı ortalıq jaratıw.
- Jeke oqıwshınıń ózgesheligin esapqa alıp, tallap oqıtıw.
- Oqıwshılardıń jetiskenliklerin xoshametlew.

Muǵallimniń kásiplik kompetenciyası

- Tildi rawajlandırıw metodikasın jetik iyelew.
- Innovaciyalıq texnologiyalardı sabaqta qollanıw.

• Óz betinshe úzliksiz kásiplik bilimlerin jetilistiriw.

Zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw

• Multimedia quralları arqalı tıńlaw kónlikpelerin rawajlandırıw.
• Elektron sabaqlıqlar hám onlayn resurslardan paydalanıw.
• Interaktiv shınıǵıwlar arqalı sóz baylıǵın keńeytiw.

4. Ámeliy usınıslar.

Oqıwshılardıń til kompetenciyasın rawajlandırıw ushın muǵallimlerge tómendegi usıllardı qollanıw usınıs etiledi:

• Tekst penen islew - tekstti oqıp, mazmunın aytıp beriw, reje dúziw, qaharmanlarǵa xarakteristika beriw.

• Dialog hám monologqa úyretiw - juplıq hám toparlıq gúrrińler, rolli oyınlar.

• Sózlik qorın bayıtıw - jańa sózlerdi sinonim, antonim, omonimler arqalı ózlestiriw.

• Dóretiwshilik tapsırmalar - súwretler tiykarında gúrrıń jazıw, ertek oylap tabıw, qosıq dúziw.

• Jazıw kónlikpesin rawajlandırıw - qısqasha bayanlama, shıǵarma, esse jazıwǵa úyretiw.

Bul metodlardı sistemalı qollanıw oqıwshınıń til kompetenciyasın rawajlandırıp ǵana qalmastan, olardıń pikirlew, qıyal hám dóretiwshilik qábiletlerin de arttıradı.

Juwmaqlap aytqanda, ana tili sabaqlarında til kompetenciyasın qáliplestiriw baslawısh bilimlendiriwdiń eń áhmiyetli wazıypalarınan biri. Til kompetenciyası oqıwshınıń tek ǵana oqıw jetiskenligin emes, al onıń sociallıq beyimlesiwin, mádeniyatlararalıq qatnasıqqa uqıplılıǵın da belgileydi. Pedagogikalıq sharayatlardı durıs shólkemlestiriw, muǵallimniń kásiplik sheberligi hám oqıwshınıń belsendiligin arttırıw usılları bul processtiń nátiyjeliligin arttıradı.

Izertlew nátiyjeleri kórsetkenindey, baslawısh klassta til kompetenciyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan sabaqlar oqıwshılardıń pikirlew qábiletin rawajlandıradı, sózlik qorın bayıtadı hám funkcionallıq sawatlılıǵın arttıradı. Sonıń ushın ana tili páni tek ǵana til úyretiw quralı emes, al shaxstı qáliplestiriwdiń tiykarǵı kanalı bolıp esaplanadı.

## PAYDANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Жұбанова Ә. Бастауыш мектеп оқушыларының тілін дамыту әдістемесі. – Алматы: Қазақ университеті, 2019.
2. Әбдікәрімова Т. Тіл дамыту теориясы мен әдістемесі. – Алматы: Білім, 2018.
3. Құлмағанбетова Б. Ана тілі сабақтарында оқушылардың тіл мәдениетін қалыптастыру. // Педагогика және психология. – 2020. – №3. – 45–51 б.
4. Выготский Л.С. Мышление и речь. – Москва: Педагогика, 1999.
5. Леонтьев А.А. Психолингвистика. – Москва: Смысл, 2005.